# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–30 जून 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी लोकसभा चुनाव में संविधान अउर देस क लोकतांत्रित प्रणालियन में आपन भरोसा दोहरावे बदे देसवासिन क अभार जतवले हवें। आजु आकाशवाणी से मन की बात करत प्रधानमंत्री देसवासियन से कहलें कि दुइ हजार चउबीस क आम चुनाव दुनिया क सबसे बड़हन चुनाव रहल।

***मैं आज देशवासियों को धन्यवाद भी करता हूँ कि उन्होंने हमारे संविधान और देश की लोकतांत्रिक व्यवस्थाओं पर अपना अटूट विश्वास दोहराया है। 24 का चुनाव, दुनिया का सबसे बड़ा चुनाव था। दुनिया के किसी भी देश में इतना बड़ा चुनाव कभी नहीं हुआ, जिसमें, 65 करोड़ लोगों ने वोट डाले हैं। मैं चुनाव आयोग और मतदान की प्रक्रिया से जुड़े हर व्यक्ति को इसके लिए बधाई देता हूँ।***

प्रधानमंत्री तीस जून के दिन क खासियत बतावत कहलें कि आजु हूल दिवस मनावल जाला। ई दिन वीर सिद्धो अउर कान्हू क अदम्य साहत से जुड़ल हौ अउर झारखण्ड के येह सपूतन क सर्वोच्च बलिदान अजुओ लोगिन के प्रेरित करे ला। प्रधानमंत्री विश्व पर्यावरण दिवस पर येह बरिस सुरू कइल गइल बिसेस अभियान–एक पेड़ मां के नाम क उल्लेख कइलें।

***इस वर्ष विश्व पर्यावरण दिवस पर एक विशेष अभियान शुरू किया गया है, इस अभियान का नाम है – 'एक पेड़ माँ के नाम'। मैंने भी एक पेड़ अपनी माँ के नाम लगाया है। मैंने सभी देशवासियों से, दुनिया के सभी देशों के लोगों से ये अपील की है कि अपनी माँ के साथ मिलकर, या उनके नाम पर, एक पेड़ जरूर लगाएं।***

प्रधानमंत्री कहलें कि पछिला दसक के दौरान भारत में वन क्षेत्र क अभूतपूर्व बिस्तार भइल अउर अमृत महोत्सव के दौरान देसभर में साठि हजार से जियादा अमृत सरोवरो बनावल गइल।

प्रधानमंत्री मोदी कहलें कि कुवैत सरकार अपने राष्ट्रीय रेडियो पर हिंदी भासा में एगो खास कार्यक्रम सुरू कइले हवे। येह पहल खातिर उहां के कुवैत सरकार अउर ओहां के लोगिन के धन्यवाद दिहलीं। योग के ले के प्रधानमंत्री कहलें कि पूरा दुनिया में दसवां अन्तर्राष्ट्रीय योग दिवस के भरपूर उछाह अउर उमंग के साथे मनवलस।

प्रधानमंत्री कहलें कि अगिला महिन्ना येह समय ले पेरिस ओलम्पिक खेलि सुरू हो चुकल होई। उहां के ओलम्पिक खेलिनि बदे भारतीय दल के सुभकामना दिहलीं। प्रधानमंत्री आकाशवाणी परिवारो के बधाई दिहलें, काहें से कि आकाशवाणी क संस्कृत बुलेटिन आजु अपने प्रसारण क पचास बरिस पूरा कइ रहल हौ।

श्री मोदी कहलें कि एक हप्ता के बाद पवित्र रथयात्रा सुरू होखे जा रहल हौ। उहां के कामना कइलीं कि महाप्रभु जगन्नाथ क कृपा सज्जो देसवासियन पर बनल रहे। उहां के अमरनाथ जतरा अउर पंढरपुर वारियो क उल्लेख कइलीं अउर येह जतरा में सामिल होखे वाले सज्जो सरधालुअन से सुभकामना दिहलीं। श्री मोदी आसाढ़ी बीजो खातिर सुभकामना दिहलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अपने सरकारी आवास पर जनता दरसन कार्यक्रम में प्रदेस के कई गो जिलन से आइल लोगिन क समेस्या सुनलें अउर ओकर जल्दिये निस्तारण क भरोसा दिहलें। शाहजहांपुर से पहुंचल कई लोगि जमीनि कब्जियवले अउर पैमाइस क समेस्या बतवलें, जवने पर मुख्यमंत्री शाहजहांपुर के जिलाधिकारी के तीनि दिन के भित्तर सम्बन्धित मामिला क जांचि कइ के कार्रवाई कइले क निरदेस दिहलें। येही तरियन क मामिला आगरा अउर कानपुरो से आइल। मुख्यमंत्री सज्जो लोगिन के भरोसा दियवलें कि उन्हें परसान भइले क जरूरति नाहीं हौ, जल्दिये कार्रवाई कइल जाई। जनता दरसन के दौरान कुछु महिला लोगि धन के कमी के नाते अपनन क इलाजि न हो पवले क समेस्या के ले के पहुंचलिनि। मुख्यमंत्री उन्हें भरोसा दियवलें कि धन के कमी के नाते कउनों मनई क इलाज परभावित नाहीं होई। उहां के केजीएमयू क वीसी अउर सीएमएस के निरदेस दिहलीं कि सम्बन्धित मरीज क इलाज जुरते सुरू कइल जाव।

**********

ढेरि से ढेरि पात्र लोगिन ले अपने योजनन क लाभ पहुंचावे बदे प्रदेस सरकार क समाज कल्याण विभाग ट्रांसफार्मेसन टीमि अउर कल्सल्टेंट नियुक्त करी। ई टीमि कई गो योजना क येह समय क स्थिति क अध्ययन कइ के जरूरी बदलाव खातिर समाधान प्रस्तावित करी। येह टीमि में कई गो क्षेत्रन क बिसेसज्ञ सामिल कइल जइहें। समाज कल्याण मंत्री असीम अरूण निदेसक समाज कल्याण के एक हप्ता के भित्तर ट्रांसफार्मेसन टीमि अउर कल्सटैंट क नियुक्ति कइ लिहले क निरदेस दिहले हवें। उहां के कहलीं कि राष्ट्रीय सामाजिक सहायता कार्यक्रम के तहत चलावल जा रहल वृद्धावस्था पेंशन अउर पारिवारिक लाभ योजनन में जरूरति के हिसाबि से बदलाव कइ के जियादे से जियादे पात्र लोगिन के येह योजनन क लाभ दीहल जाव।

**********

प्रदेस क ओन्नइस सौ अट्ठासी बैच क आईएएस अधिकारी मनोज कुमार सिंह उत्तर प्रदेश क नया मुख्य सचिव बनावल गइल हवें। उहां के मुख्य सचिव के सथहीं बुनियादी ढांचा अउर औद्योगिक विकास आयुक्त पदो क जिम्मेदारी देखबि।

**********